

**ALIH KODHE LAN CAMPUR KODHE  
ING KOMUNITAS VESPA RIA SURABAYA  
(KAJIAN SOSIOLINGUSITIK)**

**E-JURNAL**



**Universitas Negeri Surabaya**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**

**FAKULTAS BASA LAN SENI**

**JURUSAN PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA DHAERAH**

**2020**

## **ALIH KODHE LAN CAMPUR KODHE ING KOMUNITAS VESPA RIA SURABAYA (KAJIAN SOSIOLINGUSITIK)**

**Imam Sya'roni**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas  
Negeri Surabaya  
imamsyaroni@mhs.unesa.ac.id

**Dr. Surana, M.Hum**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas  
Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Underan panliten sing dirembug ing panliten iki yaiku (1) kepriye wujud AK lan CK ing Komunitas Vespa Ria Surabaya. (2) kepriye wujud AK lan CK ing Komunitas Vespa Ria Surabaya?, (3) faktor apa wae sing nglandhesi panganggone AK lan CK ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

Adhedhasar asil jlentrehan dhatu panliten iki bisa didudut yen wujud AK ing Komunitas Vespa Ria Surabaya yaiku (1) AK saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia, (2) AK saka basa Jawa ragam krama menyang basa Indonesia, (3) AK saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Jawa ragam krama, (4) AK saka basa Jawa ragam krama menyang basa Jawa ragam ngoko. CK sing ditemokake ing KVRS diperang nem wujud nurut struktur kabasan sing gumathok, ing antarane: (1) CK awujud nyisipake tembung lingga, (2) CK awujud nyisipake tembung andhahan, (3) CK awujud nyisipake frasa, (4) CK awujud nyisipake perulangan tembung, (5) CK awujud nyisipake baster, lan (6) wujud CK nyisipake klausua.

Fungsi panganggone AK yaiku (1) luwih persuasif (merbawani) utawa ngongkon mitra tutur (O2), (2) luwih argumentatif nandhesake mitra tutur (O2), (3) luwih komunikatif kanggo njlentrehake, (4) luwih prestis, (5) nuwuhalke rasa simpatik. Dene fungsi panganggone CK sing ditemokake ing KVRS yaiku antarane: (1) luwih argumentatif, (2) luwih persuasif, (3) luwih negesake maksud, (4) luwih prestis.

Faktor sing ndhasari panganggone AK sing ditemokake ing KVRS yaiku (1) panutur (O1), (2) pokok pirembungan, (3) kanggo mbangkitake rasa humor, lan (4) kanggo saderma rasa gengsi. Dene fungsi sing ndhasari panganggone CK sing ditemokake ing KVRS yaiku: (1) idhentifikasi peranan utawa peran sosial, (2) prinsip kesopanan lan kesantunan panutur, lan (3) panutur (O1) pengin nafsisirake apa sing dikarepake.

**Tembung wigati:** Alih Kodhe, Campur Kodhe, lan Komunitas Vespa.

# **Universitas Negeri Surabaya**

### **PURWAKA**

Bab purwaka iki diperinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

### **Landhesane Panliten**

Masyarakat nggunakake basa minangka sarana cecataran. Lumantar basa, masyarakat bisa ngudharake gagasan lan pangrasane menyang mitra tutur. Basa uga

digunakake minangka sarana kanggo aweh informasi utawa kawruh menyang khalayak umum. Minangka piranti cecataran lan sesrawungan, basa bisa dikaji kanthi internal lan eksternal. Kajian kanthicara internal, tegese pamawas basa itu mung dianggo tumrap struktur intern basa, kayata struktur fonologi, struktur morfologi, struktur sintaksis. Kajian kanthicara eksternal, tegese kajian basa dianggo tumrap bab-bab utawa faktor-faktor sing ana sanjabane klompok-klompok sosial kemasyarakatan (Chaer lan Agustina, 2004). Panliten

basa kanthi nggatekake faktor-faktor sing nglandhesi penganggone basa klebu ing kajian sosiolinguistik.

Sosiolinguistik ngrembug sesambungane basa lan masyarakat, bisa lan kerep nggunakake asil-asil kajian masyarakat kayata sosiologi, antropologi, politik, agama, ekonomi, lan liya-liyane kanggo njlentrehake bab-bab basa sajrone masyarakat (Anwar, 1990). Bab utama sing dirembag dening sosiolinguistik ana telu (Nababan, 1993), yaiku; (1) medharake basa sajrone konteks sosial lan kabudayan, (2) nyambungake faktor-faktor kabasan, titikan, lan ragam basa mawa kaanan uga faktor-faktor sosial lan budaya, lan (3) medharake fungsi-fungsi sosial lan panganggone basa sajrone masyarakat.

Salah siji kedadeyan sosiolinguistik kang dumadi ing masyarakat yaiku alih kodhe lan campur kodhe. Alih kodhe lan campur kodhe kawujud jalaran saka panganggone basa sajrone cecaturan. Bab iki mung dumadi sajrone masyarakat multilingual yaiku masyarakat kang nggunakake rong basa utawa luwih.

Panliten iki diadani ing Komunitas Vespa Ria Surabaya. Komunitas Vespa Ria Surabaya. Komunitas Vespa Ria Surabaya pancen dudu komunitas resmi sing bersertifikat/legal kaya dene lembaga-lembaga formal/informal. Nanging Komunitas Vespa Ria Surabaya nduweni anggota kang jumlah panceن atusan malah-malah ewon. Saliyane iku, wektu lan papan nglumpuke panceن ora mesthi, nanging sing baku saben malem minggu panceن ana klumpukan ing papan-papan sakupenge Surabaya, bisa uga ing Taman Bungkul, Taman Kenjeran, KBS, lan liya-liyane.

Panliti kagugah pamawase kango nlti panganggone alih kodhe lan campur kodhe basa Jawa ing Komunitas Vespa Ria Surabaya. Anane narik kawigaten sebab (1) Komunitas Vespa Ria Surabaya minangka paguyuban sutresna motor kawak (vespa), (2) anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya jejere saka maneka dhaerah, gender, profesi, lan umur. (3) panutur ing Komunitas Vespa Ria Surabaya nguwasani basa Jawa, basa Medura, basa Indonesia, lan saperangan basa Inggris, lan (4) saben Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk (gathering) nggunakake luwih saka siji basa, saengga bisa wae kawujud alih kodhe lan campur kodhe.

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, nuduhake yen panliten ngenani panganggone alih kodhe lan campur kodhe sing ana Komunitas Vespa Ria Surabaya durung ana sing tau nlti. Mula saka iku panliti bakal nlti “Alih Kodhe lan Campur Kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya” (Pamawas Sosiolinguistik).

## **Punjer lan Undere Panliten**

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur, sing dadi punjere panliten iki yaiku alih kodhe lan campur kodhe. Kanthi dhasar iku, mula undere panliten iku yaiku:

- 1) kepriye wujude alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya?
- 2) kepriye fungsi alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya?
- 3) apa panyebab sing ndhasari panganggone alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya?

## **Tujuwane Panliten**

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake: wujude wujude alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya, fungsi alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya, panyebab sing ndhasari panganggone alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

## **Paedahe Panliten**

Asil panliten iki diupayakake bisa nambahi lan ngrembakakake ilmu basa Jawa mligine bidhang sosiolinguistik sing wis ana sadurunge, mligine ing bidhang alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya. Asil panliten iki nduwe paedah praktis yaiku bisa dadi salah sijine rujukan kanggo ngonceki ilmu basa mligine bidhang sosiolinguistik ing perguruan tinggi. Saliyane iku kanggo bahan tetimbangan kanggo pasinaon panganggone basa Jawa. uga bisa nambahi pustaka panliten linguistik, mligine linguistik ing basa Jawa.

## **Watesane Panliten**

Panliten iki ngenani panganggone basa Jawa dening Komunitas Vespa Ria Surabaya iki ana saperangan perkara, kayadene: wujud basa, ragam basa, tingkat tutur, alih kodhe-campur kodhe, multilingualisme sjarone basa, lan faktor panyebab panganggone ragam basa. Kanggo nggampangake pirembagan perkara lan kanggo ngarahake supaya panliten iki ora nylewar saka tujuwane, mula watesane panliten mung ing wujud alih kodhe lan campur kodhe, fungsi alih kodhe lan campur kodhe, sarta panyebab sing ndhasari panganggone alih kodhe lan campur kodhe basa Jawa ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

## **Panjentrehe Tetembungan**

Tetembungan sing dianggo ing panliten iki ana lima, yaiku (1) alih kodhe (2) campur kodhe, (3) komunitas vespa. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

1) Alih kodhe. Alih kodhe yaiku kedadeyan gesehe pamilihe basa utawa ragam basa jalaran nduweni maksud tartamtu (Kridalaksana, 2009)

2) Campur kodhe. Campur kodhe yaiku panganggone satuan basa saka basa I ke basa sing liyane kanggo nambahi lelawa lan ragame basa. (Kridalaksana, Margawati, 2009)

3) Komunitas Vespa Ria Surabaya. Komunitas vespa yaiku sawijine paguyuban kadang sutresna montor lawas sing jinise mung montor vespa ing dhaerah Surabaya.

## TATA CARANE PANLITEN

Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif kualitatif. Deskriptif kualitatif yaiku jlentrehan dhata sing arupa tembung-tembung lan dudu angka-angka, sing njabarake jlentrehan mawa andharan kabasan sing dumadi minangka fenomena panliten saengga apa sing diasilake yaiku andharan apa anane (Sudaryanto, 1992).

Kualitatif yaiku panliten kanthi metodhe analisis utawa metodhe panliten tumrap sawijine perkara sing ora bisa diwujudake utawa dirancang nggunakake teori-teori statistik (Subroto, 1992)

Metodhe dheskriptif kualitatif nduweni sipat sing mligi. Sipat mligi kasebut nengenake nalika ngumpulake dhata, njabarake anane gegayutan antarane pangumpulan dhata lan jlentrehan, jlentrehan didhasari pitakon ngenani apa sing dilentrehake, lan anane konteks (Titscher lkk, 2009:152-153 Ubarampene panliten ing sub-bab iki dibage dadi papat yaiku (1) dhata panliten, (2) sumber dhata, (3) instrumen panliten, lan (4) papan panliten. Ubarampene panliten iki bakal dijabarake kaya mangkene.

Dhata lisian arupa tuturan basa Jawa. Tuturan sing dimaksud yaiku (1) sing ngandhung alih kodhe lan campur kodhe, (2) arupa tembung, frasa, apadene ukara, lan (3) tuturan kasebut wajar lan alami sing digunakake dening Komunitas Vespa Ria Surabaya. Tuturan sing dijupuk yaiku tuturan sing ngandhung alih kodhe lan campur kodhe kanthicara wajar lan alami.

Metodhe yaiku cara mawas, njlentrehake, lan ngandharake sawijine fenomena (Kridalaksana, 2008). Tata cara kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake metodhe wicara (cakap) lan semak. Panliti nindakake saperangan tahapan sawise nglumpukake dhata, yaiku tahap milah dhata, tahap milah dhata, lan tahap analisis dhata. Panliti nggunakake metodhe agih lan padan sajrone nganalisis dhata. Sawise dhata dipilih, yaiku milah dhata adhedhasar wujud, fungsi, lan faktor sing ndhasari alih kodhe lan campur kodhe basa Jawa. Sabanjure dianalisis laras karo perkarane. Analisis dhata dilakoni kanthi menehi jlentrehan ngenani

wujud, faktor, sing ndhasari uga fungsi alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

## ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN

BAB IV iki bakal diandharake telung perangan, yaiku wujud, fungsi, lan faktor sing ndhasari panganggone alih kodhe lan campur kodhe. Katelune ditulis adhedhasar panganggone. Pertama, klasifikasi wujud, ngenani fungsi panganggone lan faktor sing ndhasari alih kodhe, keloro kalifikasi wuju, ngenani fungsi panganggone lan faktor sing ndhasari campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

1. Wujud Alih Kodhe Nurut Basa Pamujude

Alih kodhe sing ana ing Komunitas Vespa Ria Surabaya bisa dibedakake nurut basa pamujude dadi telung werna, yaiku (1) alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia, (2) alih kodhe basa Jawa ragam krama menyang basa Indonesia, (3) alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Jawa ragam krama, (4) alih kodhe saka basa Jawa ragam krama menyang basa Jawa ragam ngoko. Andharan luwih jangkep ngenani wujud alih kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya ing ngisor iki.

a. Alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia.

O1 : "... Wong wis diragadi entek jutaan harel, motor kok tetap saja mogok, gimana-gimana..."

Dhata (1) yaiku fenomena turur sing dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud feonomena turur yaiku monolog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadi peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan saka basa Jawa ragam ngoko yaiku Wong wis diragadi entek jutaan harel beralih menyang basa Indonesia yaiku motor kok tetap saja mogok, gimana-gimana.

b. Alih Kodhe saka Basa Jawa Ragam Krama menyang Basa Indonesia

Dhata 4

O1 : "Dhik niki napa Vespa gadhahane Pak Heru tiyang Babatan?"

O2 : "Hlo kok tahu Pak? Benar Pak."

O1 : "Dados njenengan putrane napa sinten?"

O2 : “Tidak Pak, saya ponakannya. Pak Heru itu Paklik saya.”

Dhata (4) yaiku fenomena tutur sing dumadi ing Taman Bungkul nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk wektune September 2018, tuturan dituturake dening anggota KVRS sing statuse bocah remaja karo wong sing luwih diwasa.

Wujud feonomena tutur yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadi peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam krama menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam krama yaiku Dhik niki napa Vespa gadhahane Pak Heru tiyang Babatan? beralih menyang basa Indonesia yaiku Hlo kok tahu Pak? Benar Pak.....

#### **c. Alih Kodhe saka Basa Jawa Ragam Ngoko menyang Basa Jawa Ragam Krama**

Dhata 7

O1 : “Arep golek-golek tempong mburi, tapi dereng angsal-angsal barangipun Pak”

O2 : “Ya lek ana takkabari Mas”

Dhata (7) yaiku fenomena tutur sing dumadi ing Taman Bungkul nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk wektune September 2018, tuturan dituturake dening anggota KVRS sing statuse bocah remaja karo wong sing luwih diwasa.

Wujud feonomena tutur yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadi peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam krama menyang basa Jawa ragam krama. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku “Arep golek-golek tempong mburi..., beralih menyang basa Jawa ragam krama yaiku “tapi dereng angsal-angsal barangipun Pak”.

#### **d. Alih Kodhe saka Basa Jawa Ragam Krama menyang Basa Jawa Ragam Ngoko**

Dhata 10

O1 : “Hla niki hlo sampun teng warkop. Sampun nengga wiwit siyang wau, tapi Andri malah sik kuliah saiki”

O2 : “Ya wis tunggunen”

O3 : “Budhal yok apa, Andri ae jik kuliyah kok”

Dhata (10) yaiku fenomena tutur sing dumadi ing Taman Bungkul nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk wektune September 2018, tuturan dituturake dening anggota KVRS sing statuse bocah remaja karo wong sing luwih diwasa.

Wujud feonomena tutur yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadi peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam krama

menyang basa Jawa ragam ngoko. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku “Hla niki hlo sampun teng warkop. Sampun nengga wiwit siyang wau, beralih menyang basa Jawa ragam ngoko yaiku “Budhal yok apa, Andri ae jik kuliyah kok”.

### **2. Fungsi Alih Kodhe**

Saperangan fungsi alih kodhe sing ditemokake ing panganggone basa Jawa ing Komunitas Vespa Ria Surabaya yaiku (1) luwih persuasif (merbawani) utawa ngongkon mitra tutur (O2), (2) luwih argumentatif nandhesake mitra tutur (O2), (3) luwih komunikatif kanggo njlentrehake, (4) luwih prestis, (5) nuwuahake rasa simpatik.

#### **a. Luwih Persuasif (Merbawani) utawa Ngongkon Mitra Tutur**

Dhata 13.

O1 : “Jok kalih njenengan niku pinten Cak?”

O2 : “ngarep rongatus seket, mburi rongatus”

O1 : “Wih, kok seja sanget, angsal keng pundi?”

O2 : “Wingi ana kanca nawari, tepak jok lawas krasa atos.”

Dhata (13) nuduhake fenomena tutur sing dumadi Taman Bungkul, nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk wektune Oktober 2018, tuturan dituturake dening anggota KVRS sing statuse mahasiswa lan wong sing luwih diwasa.

Wujud feonomena tutur kasebut yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam krama menyang basa Jawa ragam ngoko. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam krama yaiku “Jok kalih njenengan niku pinten Cak?”, beralih menyang basa Jawa ragam ngoko yaiku “ngarep rongatus seket, mburi rongatus, kok ganteni ae ta?!”.

#### **b. Luwih Argumentatif Nandhesake Mitra Tutur (O2)**

Dhata 15

O1 : “Superku iki wis takgawani neng ngendi-ndi Cak, taun 2015 Tour Pacitan, 2016 Situbondo, 2017 Lasem... blas gak mogok. Tanya ae Rio, ngadat busi atau selang oli sekali ae gak pernah”

O2 : “mantul, galak mesine”

Dhata (15) nuduhake fenomena tutur sing dumadi ing bengkel reparasi vespa ing Bangkinan Surabaya, September 2018. Tuturan dilakoni dening anggota KVRS menyang anggota KVRS liyane sing pas lagi ndadakake vespane, sing statuse mahasiswa kabeh.

Wujud feonomena tutur kasebut yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine

peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku “Superku iki wis takgawani neng ngendi-ndi Cak, taun 2015 Tour Pacitan, 2016 Situbondo, 2017 Lasem... blas gak mogok” beralih menyang basa Indonesia yaiku “Tanya ae Rio, ngadat busi atau selang oli sekali ae gak pernah?!”.

Tujuwan utawa fungsi alih kodhe yaiku luwih argumentatif utawa nandhesake menyang mitra tutur (O2), iku dituduhake dening O1 supaya percaya karo apa sing diucapake dening O1, yaiku kaanane vespane O1 iku mesine apik gak tau masalah nalikane touring vespa, yaiku kanthi bukti ucapan “. Tanya ae Rio, ngadat busi atau selang oli sekali ae gak pernah”.

#### c. Luwih Komunikatif kanggo Njlentrehake menyang Mitra Tutur (O2)

Dhata 17

O1 : “Cak, lek sedina numpuk sepuluh ta pira ngono, ya tetep kok bongkar dhewe Cak?”

O2 : “Ya tetap bongkar sendiri dong, gak selesai ya lanjut sampai besok Nak”

Dhata (17) nuduhake fenomena tutur sing dumadi ing bengkel reparasi vespa ing Bangkingan Surabaya, September 2018. Tuturan dilakoni dening anggota KVRS menyang tukang bengkel reparasi vespa langganane KVRS, ana sing pas lagi ndadakake vespane, sing statuse mahasiswa kabeh.

Wujud feonomena tutur kasebut yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku “Cak, lek sedina numpuk sepuluh ta pira ngono, ya tetep kok bongkar dhewe Cak?” beralih menyang basa Indonesia yaiku “Ya tetap bongkar sendiri dong, gak selesai ya lanjut sampai besok lah Nak”.

Tujuwan utawa fungsi alih kodhe yaiku luwih komunikatif kanggo njlentrehake. Iku dituduhake nalika O2 ngucap “Ya tetap bongkar sendiri dong, gak selesai ya lanjut sampai besok lah Nak”, yaiku menehi katrangan sing luwih jangkep upamaa garapane vespa ora bisa kelar ing dina saiki ya digarap dina sesuke.

#### d. Luwih Prestis

Dhata 19

O1 : “back rack pesen neng ndi Cak iku, anyar maneh Rek”

O2 : “Hlo hlo bagaimana anda ini, makanya ikuti informasi dong. Barang ready siapa cepat dia dapat”

Dhata (19) nuduhake fenomena tutur sing dumadi ing Taman Bungkul, September 2018. Tuturan dilakoni dening anggota KVRS menyang anggota KVRS

liyane, ana sing pas lagi ndadakake vespane, sing statuse mahasiswa sijine pekerja.

Wujud feonomena tutur kasebut yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku “back rack pesen neng ndi Cak iku, anyar maneh Rek” beralih menyang basa Indonesia yaiku “Hlo hlo bagaimana anda ini, makanya ikuti informasi dong. Barang ready siapa cepat dia dapat”.

Tujuwan utawa fungsi alih kodhe yaiku luwih prestis. Iku dituduhake nalika O2 mangsuli tuturan O1 “Hlo hlo bagaimana anda ini, makanya ikuti informasi dong. Barang ready siapa cepat dia dapat”, yaiku nuduhake rasa pangrasa yen O2 iku wong sing kagolong melek informasi lan tanggap informasi, beda karo O1 sing sajake kaya kurang melek informasi lan tanggap informasi.

#### e. Tuwuh Rasa Simpatik

Dhata 21

O1 : “kapan iku dheke isok ngeterna foot step”

O2 : “Kirangan Mas, dheke taksih repot teng Gresik kok.”

Dhata (21) nuduhake fenomena tutur sing dumadi ing Taman Bungkul, September 2018. Tuturan dilakoni dening anggota KVRS menyang anggota KVRS liyane, ana sing pas lagi ngadani klumpukan ing Taman Bungkul, statuse mahasiswa sijine pekerja.

Wujud feonomena tutur kasebut yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Jawa ragam krama. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku “kapan iku dheke isok ngeterna foot step” beralih menyang basa Jawa ragam krama yaiku “Kirangan Mas, dheke taksih repot teng Gresik kok.”.

Tujuwan utawa fungsi alih kodhe yaiku nuwuhake rasa simpatik. Iku dituduhake nalika O2 mangsuli tuturan O1 “Kirangan Mas, dheke taksih repot teng Gresik kok.”, yaiku nuduhake rasa pangrasa O2 melu ngenteni wong sing dirembug isih ana bab sing kudu ditindakake ing Gresik, mula ya melu ngenteni kapan bisa dheweke njupuk foot steep vespane.

#### 3. Faktor sing Ndasari Panganggone Alih Kodhe

Iki sub iki bakal disuguhake faktor-faktor panganggone alih kodhe ing KVRS, nurut sosio-situasional. Faktor situasional sing ditemokake ing KVRS yaiku (1) panutur (O1), (2) pokok pirembutan, (3) kanggo mbangkitake rasa humor, lan (4) kanggo saderma rasa gengsi.

### a. Penutur (O1)

Dhata O1

*O1 : "... Wong wis diragadi entek jutaan harel, motor kok tetap saja mogok, gimana-gimana..."*

Dhata (1) yaiku fenomena tutur sing dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud feonomena tutur yaiku monolog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan saka basa Jawa ragam ngoko yaiku Wong wis diragadi entek jutaan harel beralih menyang basa Indonesia yaiku motor kok tetap saja mogok, gimana-gimana....

Faktor sing ndhasari alih kodhe sajrone dhata (O1) yaiku faktor panutur (O1). Wujude dibuktekake kanthi (O1) yaiku sawijine mahasiswa lan uga klebu anggotane KVRS sing sadhar nggunakake alih kodhe saka Basa Jawa ragam ngoko menyang Basa Indonesia, disebabake pengin ngowahi saka kahanan yaiku kahanan sing ora resmi menyang kahanan resmi.

### b. Pokok Pirembugan

Dhata 23

*O1 : "mulane ta Cak, tangine jok awan-awan, kuliyah jam 7 tangimu jam sanga sepuluh, ya buyar! Keluar malam OK, tapi kuliah ya tetap jalan lah."*

*O2 : "Ok Bro..."*

Dhata (23) yaiku fenomena tutur sing dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud feonomena tutur yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan saka basa Jawa ragam ngoko yaiku "mulane ta Cak, tangine jok awan-awan, kuliyah jam 7 tangimu jam sanga sepuluh, ya buyar!" beralih menyang basa Indonesia yaiku "Keluar malam OK, tapi kuliah ya tetap jalan lah."

Faktor sing ndhasari alih kodhe sajrone dhata (23) yaiku pokok pirembugan. Wujude dibuktekake kanthi (O1) yaiku sawijine mahasiswa lan uga klebu anggotane KVRS sing menehi saran ngenani bab

tanggung jawab kuliah, yaiku kanthi nggunakake alih kodhe saka Basa Jawa ragam ngoko menyang Basa Indonesia, disebabake pengin ngowahi saka kahanan yaiku kahanan sing sante menyang kahanan temenan.

### c. Mbangkitake Rasa Humor

Dhata 25

*O1: "Cak Andri, wingi takgawe kok rodok mblebeg gasku, yok apa iku? Apa puterane kocak maneh"*

*O2: "Dhelokan ta Lah kanthong olimu! Makanya jangan orangnya saja yang dbersihkan, mesin karbu ya ikut dbersihkan la!"*

Dhata (25) yaiku fenomena tutur sing dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud feonomena tutur yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan saka basa Jawa ragam ngoko yaiku "Dhelokan ta Lah kanthong olimu! Makanya jangan orangnya saja yang dbersihkan," beralih menyang basa Indonesia yaiku "mesin karbu ya ikut dbersihkan la!"

Faktor sing ndhasari alih kodhe sajrone dhata (25) yaiku menehi rasa humor. Wujude dibuktekake kanthi (O2) yaiku sawijine mahasiswa lan uga klebu anggotane KVRS sing menehi wangsanlan menyang mitrane, kanthi cara humor, yaiku kanthi nggunakake alih kodhe saka Basa Jawa ragam ngoko menyang Basa Indonesia, disebabake pengin ngowahi saka kahanan yaiku kahanan sing sante menyang kahanan lucu/humor.

### d. Kanggo Saderma Gengsi

Dhata 15

*O1 : "Superku iki wis takgawani neng ngendi-ndi Cak, taun 2015 Tour Pacitan, 2016 Situbondo, 2017 Lasem... blas gak mogok. Tanya ae Rio, ngadat busi atau selang oli sekali ae gak pernah"*

*O2 : "mantul, galak mesine"*

Dhata (15) nuduhake fenomena tutur sing dumadi ing bengkel reparasi vespa ing Bangkinan Surabaya, September 2018. Tuturan dilakoni dening anggota KVRS menyang anggota KVRS liyane sing pas lagi ndadakake vespane, sing statuse mahasiswa kabeh.

Wujud feonomena tutur kasebut yaiku dhialog, saka tuturan kasebut ana alih kodhe intern. Dumadine peralihan tuturan utawa alih kodhe saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia. Alih kodhe dumadi ing peralihan tuturan (O1) saka basa Jawa ragam ngoko yaiku "Superku iki wis takgawani neng ngendi-ndi Cak,

taun 2015 Tour Pacitan, 2016 Situbondo, 2017 Lasem... blas gak mogok" beralih menyang basa Indonesia yaiku "Tanya ae Rio, ngadat busi atau selang oli sekali ae gak pernah?!".

Tujuwan utawa fungsi alih kodhe yaiku luwih argumentatif utawa nandhesake menyang mitra tutur (O2), iku dituduhake dening O1 supaya percaya karo apa sing diucapake dening O1, yaiku kaanane vespane O1 iku mesine apik gak tau masalah nalikane touring vespa, yaiku kanthi bukti ucapan ". Tanya ae Rio, ngadat busi atau selang oli sekali ae gak pernah".

Faktor sing ndhasari alih kodhe sajrone dhata (15) yaiku menehi rasa gengsi wae. Wujude dibuktekake kanthi (O1) yaiku sawijine mahasiswa lan uga klebu anggotane KVRS sing menehi wangsanan menyang mitrane, yaiku kanthi nggunakake alih kodhe saka Basa Jawa ragam ngoko menyang Basa Indonesia, disebabake pengin ngowahi saka kahanan yaiku kahanan sing sante menyang kahanan sing luwih gengsi, banjur (O1) negesake mawa basa Indonesia.

#### 4.2 Wujud, Fungsi, lan Faktor sing Ndhasari Panganggone Campur Kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

##### 1. Wujud Alih Kodhe Nurut Basa Pamujude

Campur kodhe sing ana sajrone panganggone basa Jawa ing Komunitas Vespa Ria Surabaya dadi maneka warna wujud nurut struktur kabasane sing ana sajrone tuturan, yaiku (1) campur kodhe awujud nyisipake tembung lingga, (2) campur kodhe awujud nyisipake tembung andhahan, (3) campur kodhe awujud nyisipake frasa, (4) campur kodhe awujud nyisipake perulangan tembung, (5) campur kodhe awujud nyisipake baster, lan (6) wujud campur kodhe nyisipake klausa. Ing ngisor iki bakal dijentrehake ngenani 6 wujud campur kodhe sing ditemokake sajrone panganggone basa Jawa ing Komunitas Vespa Ria Surabaya.

##### a. Nyisipake Tembung Lingga.

Dhata 27

O1 : "... Nak fiber iku kekuwatane mok setaun, tapi lek besi isok rong taun luwih..."

Dhata (27) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung lingga basa Indonesia yaiku tembung fiber lan besi, mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku "... Nak fiber iku kekuwatane mok setaun, tapi lek besi isok rong taun luwih...".

##### b. Nyisipake Tembung Andhahan.

Dhata 31

O1 : "Tapi Cak, ganti seker sing rong wulan wingi iku rada jos, bertahan pas udan-udan wingi iku, padahal dueres kaya ngono, lancar jaya."

Dhata (31) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung andhahan basa Indonesia yaiku tembung andhahan bertahan. Tembung bertahan saka tembung lingga tahan oleh wuwuhan ater-ater (ber-), mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku "Tapi Cak, ganti seker sing rong wulan wingi iku rada jos, bertahan pas udan-udan wingi iku, padahal dueres kaya ngono, lancar jaya."

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku kekarepan panutur (O1) kanggo ngandhani mitra tutur sing ana ngenani seker vespane sing kualitase apik, wis gak ngganggu mlakune vespa nadyan wayah udan deres. Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (31) yaiku luwih persuasif utawa mbujuk marang mitra tutur supaya kon ganti seker kaya panutur (O1) supaya gak macet nalika udan deres. merga singkat lan gampang dingerten. O1 njupuk tembung saka basa Indonesia supaya luwih singkat lan cukup cetha.

##### c. Nyisipake Tembung Perulangan Tembung (Reduplikasi)

Dhata 36

O1 : "...Bongkar mesine wis bolak-balik iku, entek berjuta-juta si Andri. Mangkane lek gak penak ya eman ta."

Dhata (36) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung andhahan basa Indonesia yaiku tembung andhahan berjuta-juta. Campur kodhe perulangan tembung berjuta-juta tegesi ngentekne dhuwit sing gak saithik. Tembung berjuta-juta saka tembung lingga juta, mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku "...Bongkar mesine wis bolak-balik iku, entek berjuta-juta si Andri. Mangkane lek gak penak ya eman ta."

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku kekarepan panutur (O1) kanggo ngandhani mitra tutur sing ana ngenani ragad lek ndandani utawa ngopeni vespane. Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (36) yaiku luwih prestis merga tembung berjuta-juta etungane kaya akeh banget. Mula Panutur O1 njupuk tembung saka basa Indonesia supaya luwih singkat lan cukup cetha.

#### **d. Campur Kodhe Awujud Nyisipake Frasa**

Dhata 39

O1 : “*Golek sound system neng dhaerah Surabaya neng ndi Cak?*”

O2 : “*Pasar Genteng, komplit.*”

Dhata (39) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku dhialog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake frasa basa Inggris yaiku tembung andhahan sound system, mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku “Golek sound system neng dhaerah Surabaya neng ndi Cak?.”

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku kekarepan panutur (O1) kanggo nakoni barang sing dikarepake dening (O1) menyang mitra tutur. Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (39) yaiku luwih prestis merga tembung sound system luwih apik tinimbang salon alat pengeras swara. Mula panutur O1 njupuk tembung baster supaya luwih singkat lan cukup cetha.

#### **e. Nyisipake Baster**

Dhata 43

O1 : “*Vespane wong iki hlo, jan menang dua kalievent neng Jogja Cak, lumayan sertifikate. Didol ketok patang puluh juta isok iku.*”

Dhata (43) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake baster yaiku baster dua kalievent. Campur kodhe baster dua kalievent, mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku “Vespane wong iki hlo, jan menang dua kalievent neng Jogja Cak, lumayan sertifikate. Didol ketok patang puluh juta isok iku.”

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku kekarepan panutur (O1) kanggo nyritakake yen ana

vespane wong menang lomba modifikasi vespa ping loro. Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (43) yaiku luwih komunikatif merga singkat lan gampang dingerten. O1 njupuk tembung basa Jawa ragam ngoko supaya luwih singkat lan cukup cetha.

#### **f. Nyisipake Ukara Gatra (Klausa)**

Dhata 46

O1 : “*Wis gak sah nang bengkel Gubeng, Cak Farid iku kan, iku pelayanannya mengecewakan sekali, kapok wis.*”

Dhata (46) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake ukara gatra (klausa) basa Indonesia yaiku ukara gatra (klausa) pelayanannya mengecewakan sekali. Campur kodhe ukara gatra (klausa) pelayanannya mengecewakan sekali, mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku “Wis gak sah nang bengkel Gubeng, Cak Farid iku kan, iku pelayanannya mengecewakan sekali, kapok wis.”

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku kekarepan panutur (O1) kanggo ngandhani mitra tuture yen Bengkel Gubeng wis gak penak lek ndandani vespa. Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (46) yaiku luwih komunikatif merga singkat lan gampang dingerten. O1 nganggo ukara gatra (klausa) basa Indonesia supaya luwih singkat lan cukup cetha.

#### **2. Fungsi Campur Kodhe**

Saperangan fungsi campur kodhe sing ditemokake ing Komunitas Vespa Ria Surabaya yaiku (1) luwih argumentatif, (2) luwih persuasif, (3) luwih negesake maksud, (4) luwih prestis. Andharan luwih jangkep bakal dilentrehake ing ngisor iki.

##### **a. Luwih Argumentatif marang Mitra Tutur.**

Dhata 27

O1 : “... *Nak fiber iku kekuwatane mok setaun, tapi lek besi isok rong taun luwih...*”

Dhata (27) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung lingga basa Indonesia yaiku tembung fiber lan besi, mlebu ing

satuwan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku "... Nak fiber iku kekuwatane mok setaun, tapi lek besi isok rong taun luwih...".

Tujuwan lan fungsi campur kodhe dhata (27) yaiku luwih argumentatif marang mitra tuture. yaiku supaya tuku utawa milih wesi ae tinimbang fiber, jalaran yen fiber mung kuat setaun, tapi lek wesi luwih kuwat rong taun luwih.

### b. Luwih Persuafif utawa Mbujuk marang Mitra Tuture.

Dhata 30

O1 : "Ya lah, padha-padha lima puluh tapi nggone enak, servise ya penak. Nanga Bangkingan ae hlo Cak."

Dhata (30) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung lingga basa Indonesia yaiku tembung lingga lima pulung lan servise, mlebu ing satuwan basa inti, basa Jawa ragam krama yaiku "Niki dua ratus ribu Cak, kap kalih jok".

Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (30) yaiku luwih persuasif yaiku kanggo mbujuk utawa merbawani mitra tuture kanggo ndandakake vespane neng bengkel Bangkingan, gak usah neng liyane.

### c. Luwih Negesake lan Nandhesake Maksud marang Mitra Tuture.

Dhata 33

O1 : "Ya perkenalan sik ta, jeneng sapa, jurusan apa?"

Dhata (33) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung andhahan basa Indonesia yaiku tembung andhahan perkenalan. Tembung perkenalan saka tembung lingga kenal oleh wuwuhan ater-ater-panambang (per- lan -an), mlebu ing satuwan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku "Ya perkenalan sik ta, jeneng sapa, jurusan apa?".

Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (33) yaiku luwih negesake lan nandhesake maksud marang mitra tuture supaya nepungake jenenge. Banjur O1 njupuk

tembung saka basa Indonesia supaya luwih singkat lan cukup cetha.

### d. Luwih Prestis.

Dhata 36

O1 : "...Bongkar mesine wis bolak-balik iku, entek berjuta-juta si Andri. Mangkane lek gak penak ya eman ta."

Dhata (36) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung andhahan basa Indonesia yaiku tembung andhahan berjuta-juta. Campur kodhe perulangan tembung berjuta-juta tegesi ngentekne dhuwit sing gak saithik. Tembung berjuta-juta saka tembung lingga juta, mlebu ing satuwan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku "...Bongkar mesine wis bolak-balik iku, entek berjuta-juta si Andri. Mangkane lek gak penak ya eman ta.".

Tujuwan utawa fungsi campur kodhe (36) yaiku luwih prestis merga tembung berjuta-juta etungane kaya akeh banget. Mula Panutur O1 njupuk tembung saka basa Indonesia supaya luwih singkat lan cukup cetha.

## 3. Faktor sing Ndhasari Panganggone Campur Kodhe

Ing sub iki bakal dijabarake faktor sing ndhasari panganggone campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya, yaiku (1) idhentifikasi peranan utawa peran sosial, (2) prinsip kesopanan lan kesantunan panutur, lan (3) panutur (O1) pengin nafsirake apa sing dikarepake.

### a. Idhentifikasi Peranan utawa Peran Sosial.

Dhata 48

O1 : "Kecuali kalau Cak Yanto menjamin vespanya lancar gak masalah, hla iki wonge gak ngabari."

Dhata (48) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake ukara gatra (klausa) basa Jawa ragam ngoko yaiku ukara gatra (klausa) hla iki wonge gak ngabari.. Campur kodhe ukara gatra (klausa) seumpama dirimu pesan empat, mlebu ing satuwan basa inti, basa Indonesia yaiku "Kecuali kalau Cak Yanto

menjamin vespanya lancar gak masalah, hla iki wonge gak ngabari.”

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku peran utawa peranan sosial panutur (O1) kanggo ngandhani mitra tuture yen wong bengkele gak tau ngabari kepriye kaanane vespane. Mula wis gak usah ndandakake vespa neng bengkele Cak Yanto.

### **b. Prinsip Kesopanan lan Kesantunan Panutur**

Dhata 32

*O1 : “Dodolan neng prapatan gang 7 ta 5 iku perbulane rongatus ewu iku, kango keamanan karo kebersihan jare”*

Dhata (32) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung andhahan basa Indonesia yaiku tembung andhahan keamanan. Tembung keamanan saka tembung lingga aman oleh wuwuhan ater-ater-panambang (ke- lan -an), mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku “Dodolan neng prapatan gang 7 ta 5 iku perbulane rongatus ewu iku, kango keamanan karo kebersihan jare”.

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku prinsip kesopanan lan kesantunan panuture (O1) kanggo ngandhani mitra tutur sing ana ngenani wong bakul neng prapatan gang V / VII iku mbayar sewa perbulane.

### **c. Panutur (O1) Pengin Nafsirake utawa Njlentrehake Maksud sing Dikarepake**

Dhata 27

*O1 : “... Nak fiber iku kekuwatane mok setaun, tapi lek besi isok rong taun luwih...”*

Dhata (27) nuduhake yen fenomena tutur kasebut dumadi ing salah sijine warung kopi nalikane saperangan anggota Komunitas Vespa Ria Surabaya nglumpuk ing Lidah Wetan wektune September 2018, tuturan dituturake dening salah siji anggota KVRS sing statuse mahasiswa Unesa.

Wujud fenomena tutur yaiku monolog, sajrone tuturan kasebut ana campur kodhe intern. Campur kodhe intern dumadi mawa nyisipake tembung lingga basa Indonesia yaiku tembung fiber lan besi, mlebu ing satuan basa inti, basa Jawa ragam ngoko yaiku “... Nak fiber iku kekuwatane mok setaun, tapi lek besi isok rong taun luwih...”.

Faktor sing ndhasari dumadine campur kodhe yaiku panuture (O1) pengin nafsirake lan njlentrehake

maksud sing dikarepake marang mitra tutur kanggo milih wesi wae tinimbang fiber, jalaran wesi luwih awet.

## **PANUTUP**

Isine bab V iki yaiku dudutan lan pamrayogane panliten ngenani wacana kritis. Andharan jangkepe ana ing ngisor iki.

## **Dudutan**

Adhedhasar jlentrehan dhata panganggone alih kodhe lan campur kodhe ing Komunitas Vespa Ria Surabaya bisa didudut yaiku.

Panganggone AK basa Jawa ing KVRS bisa dibedakake patang wujud yaiku: (1) AK saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Indonesia, (2) AK saka basa Jawa ragam krama menyang basa Indonesia, (3) AK saka basa Jawa ragam ngoko menyang basa Jawa ragam krama, (4) AK saka basa Jawa ragam krama menyang basa Jawa ragam ngoko. CK sing ditemokake ing KVRS diperang nem wujud nurut struktur kabasan sing gumathok, ing antarane: (1) CK awujud nyisipake tembung lingga, (2) CK awujud nyisipake tembung andhahan, (3) CK awujud nyisipake frasa, (4) CK awujud nyisipake perulangan tembung, (5) CK awujud nyisipake baster, lan (6) wujud CK nyisipake klausa. Fungsi panganggone AK yaiku (1) luwih persuasif (merbawani) utawa ngongkon mitra tutur (O2), (2) luwih argumentatif nandhesake mitra tutur (O2), (3) luwih komunikatif kanggo njlentrehake, (4) luwih prestis, (5) nuwuhaake rasa simpatik. Dene fungsi panganggone CK sing ditemokake ing KVRS yaiku antarane: (1) luwih argumentatif, (2) luwih persuasif, (3) luwih negesake maksud, (4) luwih prestis. Banjur ngenani faktor sing ndhasari panganggone AK sing ditemokake ing KVRS yaiku (1) panutur (O1), (2) pokok pirembugan, (3) kanggo mbangkitake rasa humor, lan (4) kanggo saderma rasa gengsi. Dene fungsi sing ndhasari panganggone CK sing ditemokake ing KVRS yaiku: (1)

(1) idhentifikasi peranan utawa peran sosial, (2) prinsip kesopanan lan kesantunan panutur, lan (3) panutur (O1) pengin nafsrake apa sing dikarepake.

#### Pamrayoga

Panliten iki mung ngrembag panganggone AK lan CK basa Jawa ing Komunitas Vespa Ria Surabaya. Mula sebab iku, kirane perlu panliten luwih jangkep lan komplit, mligine sing ana sesambungan karo sosiolinguistik liya kayadene fungsi statis lan interferensi. Uga faktor anane alih kodhe lan campur kodhe sing liya supaya panliten iki mau ngrembaka. Utawa mawa pamawas sing liya kayata pragmatik, semantik utawa sintaktike, merga sajrone tuturan Komunitas Vespa Ria Surabaya nduwени titikan lan bab mirungan kang beda saka klompok/komunitas liya.

#### KAPUSTAKAN

- Alwasilah, Chaedar. 1985. Sosiologi Bahasa. Bandung: Angkasa.
- Anwar, Khadir. 1990. "Fungsi dan Peranan Bahasa: Sebuah Pengantar". Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Aslinda, dan Syafyahya, L. (2010). Pengantar Sosiolinguistik. Bandung: Refika Aditama.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. Sosiolinguistik. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2007. Linguistik Umum cetakan ketiga. Jakarta: Rineka Cipta.
- Departemen Pendidikan Nasional. (2008). Kamus Besar Bahasa Indonesia Pusat Bahasa. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Ibrahim. 1995. Penelitian dan Penilaian Pendidikan. Bandung : Sinar Baru Algensindo.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. Kamus Linguistik . Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2014. Teks dalam Pembelajaran Bahasa Indonesia Kurikulum 13. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada
- Nababan. 1993. Sosiolinguistik suatu pengantar. Jakarta : Gramedia Pustaka Utama
- Nadar, FX. (2009). Pragmatik & Penelitian Pragmatik. Yogyakarta.Graha Ilmu
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. Tingkat Tutur Bahasa Jawa. Jakarta : Depdikbud.
- Subroto. 1992. Metode Penelitian Kualitatif. Surakarta: Universitas Sebelas Maret.
- Sudaryanto. 1992. Metode Linguistik. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

- Sudaryanto. 1993. Metode dan Teknik Analisis Bahasa. Yogyakarta:Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2005. Metode Penelitian Bisnis. Bandung: Alfabeta
- Sugiyono. 2011. Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D. Bandung: Afabeta
- Suwito. 1983. Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori dan Problema. Surakarta UNS Press.